

## Deuxième dimanche

An nou lapriyè pou Legliz Jezi Kri a, espesyalman pou tout moun ki gen misyon pou veye sou lafwa pèp Bondye a, tankou Pap la; evèk yo; pè yo, diak yo; relijje/relijjèz yo. Pou yo ede pèp Bondye a vin pi veyatif nan travay pou tout moun sou tè a ka sove e pou toujou ap pare jou Granmèt la.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki gen responsabilite politik ak sosyal toutpatou sou latè. Espesyalman pou tout otorite nan peyi dAyiti. Pou plan ak aksyon yo kòm dirijan pèmèt nou derasinen paspouki egoyis, jalouzi ak tout fòs lanmò ki anpeche renmen donner nan lavi nou.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun yo meprize akòz malad yo oubyen kondisyon sosyal yo; pou responsab Legliz ak Leta ede yo jwenn diyite yo ak gou pou yo kontinye lite pou viv k=jan Bondye vle sa pou tout pitit li yo.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè, pou nou menm ki rasanble isit jodia e pou lòt ki pa la, ki mande nou lapriyè pou yo. Pou nou toujou rete ap veye. Pou banbòch, lajan, anbision pa andòmi lespri nou pou jou Granmèt la pa rive sibat sou nou.

An nou Lapriyè

## Troisième dimanche

An n lapriyè pou Legliz Jezi Kri a, ki gen pou misyon bay Bòn nouvèl Jezi Kri pandan nap sonje sila yo ki gen yon responsabilite nan Legliz la : Pap la, evèk yo, pè yo, diak yo ak tout relijje/relijjèz yo. Pou yo ede nou wè ki chemen ki pa dwat, ki ravin ki merite konble, ki mòn ki pou vin plat nan lavi nou ak nan sosiete nou an.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki gen responsabilite nan sèvis piblik yo tout kote sou tè a. Espesyalman pou tout otorite nan peyi nou Ayiti. Pou yo travay pou fè diparèt tout estrikti enjistis ak fòs kap simen lamizè, maladi ak tout soufrans, pou nou kapab wè delivrans Bondye a.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki malad, espesyalman tout sila yo ki nan prizon. Ak tout sila yo ki ap sibi pèsekisyon pou lafwa yo. Pou yo pa janm dekouraje, ni pèdi lafwa ak esperans nan Bondye. Men pou genyen anpil kretyen ak moun bòn volonte kap ede yo.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè, pou nou menm ki rasanble isit la jodia. Pou renmen nou gen nan kè nou pou frè ak sè nou yo grandi chak jou pi plis. Pou nou kite tout move chemen nou yo, pou nou viv yon fason ki kòrèk devan Bondye.

An nou Lapriyè

## Quatrième dimanche

Pou tout moun ki gen misyon pou gide lafwa pèp Bondye a : tankou Pap la, evèk yo, pè yo, diak yo ak tout relijye/relijyèz yo. Pou fason y ap viv soutni tout patizan Jezi Kri nan jefò yap fè pou nou tout pran wout pataj, respè, jistis ak renmen.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki gen responsabilite politik, ekonomik ak nan sosyete medikal tou patou sou latè. Nap sonje yon fason Espesyal otorite nan peyi nou Ayiti. Pou yo travay nan sans Granmèt la vle a, pou fini ak abi, ak rayisab, ak tout soufrans.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki responsab lopital, sant sante ak lòt estrikti kap proteje lavi moun; pou yo kontinye fè tout jefò yo kapab pou amelyore lavi pitit Bondye. Pou sila yo ki gen kè sere, ki deprime. Pou yo pa janm dekouraje, men pou yo toujou jwenn bon pwochen, ak òganizasyon konsekan ki ede yo nan tout difikilte yo.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè, pou nou menm ki rasanble isit la jodia nap sonje yon fason espesyal tout responsab chapèl. Pou nou toujou kontinye anonse gouvènman Bondye a. Pou nou aprann chak jou pi plis pataje tout richès nou yo.

An nou Lapriyè

## Cinquième dimanche

An n lapriyè pou Legliz Jezi Kri a, espesyalman pou tout moun ki gen yon responsabilite nan Legliz la manm yerachi a ak lòt moun kap kolabore tankou katechis, direktè chapèl. Pou yo ede nou dekouvri pi byen prezans Bondye nan bagay tou senp n ap viv chak jou yo.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki gen responsabilite politik, ekonomik ak sosyal toutpatou sou latè. Espesyalman pou tout otorite nan peyi dAyiti. Pou yo travay pou konbat tout baryè, tout perèz ak tout egoyis ki anpeche nou resevwa lòt yo kòm frè ak sè.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè pou tout moun ki malad, espesyalman tout sila yo ki pa gen pyès espwa jwen gerizon. Pou yo dekouvri bèl travay Bondye ap fè nan lavi yo, pou yo rekonèt ke Bondye pa janm lage yo, pou lafwa yo toujou rete fè m, pou yo tounen temwen limyè.

An nou Lapriyè

An nou lapriyè, pou nou menm ki rasanble isit jodia. Pou nou swiv egzanp manman Mari, ki lage tout lavi l nan Bondye. Pou nou toujou chèche volonte Bondye anvan tout bagay.

An nou Lapriyè